

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Jaman ayeuna utamana di Indonesia sosialisasi téh kawilang penting, sabab sosialisasi mangrupa hiji aspék pikeun manusa komunikasi. Sosialisasi ogé miboga pangaruh anu gedé pikeun masarakat jeung kabudayaanana. Lantaran bisa mangaruhan kana aspék kahirupan nu lian. Nilik kana kamekaran jaman, aspék sosial kurang diperhatikeun. Komo deui dina tatakrama. Dumasar kana hasil panalungtikan anu dilakukeun di SMA Pasundan 8 Bandung, ngagunakeun métode Quésioner katitén yén barudak SMA Pasundan 8 Bandung kawilang masih hadé, sanajan aya sababaraha siswa anu teu ngalarapkeun tatakrama dina kahirupan sapopoéna. Khususna kahirupan di luar sakolana ngarasa bébas. Padahal teu kitu, sanajan karakter unggal jalma béda, tatakrama mah kudu dipiboga. Kitu deui dina hirup kumbuh jeung tatangga, babaturan, kulawarga, jeung réa deui. Luyu jeung pamadegan nurutkeun Megawangi (2004), aya salapan pilar karakter nu kawilang penting, kudu dipiboga ku budak, diantaranana: (1) Cinta ka Tuhan jeung alam semesta ogé eusina; (2) tanggung waler, disiplin, jeung mandiri; (3) jujur; (4) hormat jeung santun; (5) rasa mikanyaah, paduli, jeung kerjasama; (6) percaya kana dirina sorangan, kreatif, kerja keras, jeung teu gampang nyerah; (7) adil jeung bisa jadi pamingpin; (8) bageur jeung handap asor; jeung (9) toleransi, cinta damai jeung kasatuan.

Proses sosialisasi dijerona aya interaksi, interaksi nyaéta hiji rélasi antara dua individu nu kajadian nepi ka individu séjén saling mangaruhan (Chaplin, 2011). Interaksi téh ayana timbal balik antara hiji jalma ka jalma séjén anu bisa méré parobahan atawa pangaweruh. Nurutkeun Walgito (2007), interaksi sosial nyaéta hubungan antara individu hiji jeung individu séjén, atawa individu hiji bisa méré pangaweruh ka nu séjén atawa sabalikna, nepi ka aya hubungan timbal balik. Bisa

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVÉLÉT “JAMPARING” KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

disimpulkeun yén sosialisasi nyaéta kagiatan antara manusa jeung manusa, manusa jeung kelompok, manusa jeung kebudayaan, kebudayaan jeung manusa anu bisa saling méré pangaweruh jeung aya timbal balikna. Kusabab aya parobahan jaman pasti aya ogé transformasi nu tuluy mekar di masarakat. Ogé dina prak-prakan kabudayaan nepi ka robahna waktu ka waktu, jaman ka jaman, pamahaman, jeung konsép ngeunaan masarakat ogé kadudayaan anu ngabalukarkeun daya irut ka masarakat.

Patali jeung kasang tukang diluhur, ajén sosial nu jadi picontoeun salasahijina bisa ditilik tina sawatara karya sastra. Salawasna karya sastra méré lolongkrang keur pangarangna sangkan bisa ngébréhkeun sagala rupa ajén kaasup sosial. Éta ajén-ajén téh bisa dilarapkeun ku sakabéh jalma. Nurutkeun Sumardjo & Saini (1997 : kc 3-4), sastra téh nyaéta ungkara tina pribadi manusa anu mangrupa pangalaman, ideu, parasaan, gagasan atawa pamikiran, sumanget, jeung kayakinan dina hiji wangun anu konkrét nu bisa ngabangkitkeun pesona ku cara alat basa. Sastra ogé miboga unsur-unsur nu mangrupa gagasan atawa pikiran, pangalaman, ideu, rarasa, sumanget, jeung kayakinan (kapercayan). Dina karya sastra, biasana pangarang miboga kamampuh séwang-séwangan, teu sakabéh pangarangan miboga unsur atawa prinsip nu sarua. Anu bisa ngabédakeun nya éta tina daya kréativitas unggal pangarang. Sakabéh pangarang pasti kudu bisa tanggung walér kana naon anu geus di tulis ku pangarang.

Dina ieu panalungtikan, karya sastra anu dipilih nyaéta novélét. Novélét nyaéta karya sastra anu wangunna prosa fiksi nu ukuranna leuwih leutik tibatan novél jeung leuwih gede ti carpon. Ukuran anu dimaksud lain ukuran bentukna, nanging eusi nu aya dina novélét. Biasana mah leuwih loba ti carpon ngan teu leuwih kandel tibatan novél. Biasana kekecapan dina novélét kurang leuwih aya 17.500 nepi ka 40.000 kecap. Bisa katitén yén pangarang novélét nyieun éta carita maké basa sapopoé tapi dina eusina miboga hal anu bisa dicokot ku nu maca, ogé miboga pesen nu bisa dilarapkeun kana kahirupan sapopoé.

Panalungtikan anu medar novélét jeung ajén sosial dina wangun skripsi geus réa diantarana nyaéta “Novél Rumaja “Jamparing” karya Chyé RéTTY Isnéndés pikeun

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVÉLÉT “JAMPARING” KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bahan Pangajaran Maca Novel di SMP (Ulikan Struktural jeung Enopedagogik)” ku Cucu Siti Fatimah taun 2018, aya skripsi anu judulna “Kritik Sosial dalam Kumpulan Cerpen Jeruk Karya Lugiena De (Kajian Aspék Sosiologi Karya Sastra)” ku Mochammad Windi Bahari taun 2018, aya ogé “Naskah Drama Tarung Karya Nazarudin Azhar: Ulikan Sosiologi Sastra” ku Agung Apryan taun 2020, ogé skripsi “Pupujian di Désa Sukatani Kacamatan Tanungmedar Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP Kelas VII (Ulikan Struktural jeung Sosiologi Sastra)” ku Linda Hendriyanti taun 2020, nu pamungkas “Naskah Drama “Rungkang Peuting” Saduran Rosiyd E. Abby (Ulikan Struktural jeung Sosiologi Sastra)” ku Muhamad Munif taun 2021.

Bédana ieu panalungtikan jeung saméméhna nya éta data panalungtikan nu béda. Kitu ogé tiori pikeun mesék unurna. Aya sasaruuan dina sababaraha kajianna nyaéta objék karya sastrana jeung ulikan struttural ogé sosiologi karya sastra. Kusabab kitu, perlu diayakeun panalungtikan kalayan judul “Ajén Sosial dina Novélét Jamparing karya Chyé Rétyy Isnéndés (Ulikan Struktural)”. Tuluy hasilna bisa dieuyeuban ku urang balaréa

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Masalah nu kudu di idéntifikasi tina kasang tukang nu geus diébréhkeun nyaéta ajén-ajén sosial nu aya dina novélét rumaja “Jamparing” karya Chyé Rétyy Isnéndés

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus dijéntrékeun, masalah dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. Naon karya intrinsik nu aya dina novélét rumaja ”Jamparing” karya Chyé Rétyy Isnéndés?
- b. Naon ajén-ajén sosial nu aya dina novélét rumaja “Jamparing” karya Chyé Rétyy Isnéndés?

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVÉLÉT “JAMPARING” KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta medar ngeunaan ajén-ajén sosial jeung unsur intrinsik dina novélét rumaja “Jamparing” karya Chyé RéTTY Isnéndés.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun nyaéta:

- a. Ngadéskripsikeun ajén-ajén sosial nu aya dina novélét rumaja “Jamparing” karya Chyé RéTTY Isnéndés;
- b. Ngadéskripsikeun unsur intrinsik dina novélét rumaja “Jamparing” karya Chyé RéTTY Isnéndés.

1.4 Mangpaat/Signifikasi Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan téh dipihareup bisa jadi mangpaat pikeun jalma balaréa, jeung ieu panalungtikan ogé bisa méré pangaweruh sangkan jalma ajeg dina ajén sosialna

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan téh bisa méré pangaweruh jeung mangpaat ka masarakat jeung panalungtik

- a. Masarakat

Mangpaat dina ieu panalungtikan nyaéta bisa méré pangaweruh ka papada jalma jeung ogé masarakat pikeun pentingna ajén sosial dina kahirupan sapopoé.

- b. Panalungtik

Mangpaat dina ieu panalungtikan hususna ka panalungtik éta sorangan nyaéta bisa niténan, maham, jeung nerapkeun kana kahidupan sapopoé jeung ogé teu saukur medar ngeunaan ajén-ajén sosial hungkul.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I eusina ngeunaan bubuka, kasang tukang, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Fadjar Sidiq, 2022

AJÉN SOSIAL DINA NOVÉLÉT “JAMPARING” KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonésia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori anu ngawengku novélét, ajén sosial, jeung unsur intrinsik.

Bab III eusina ngeunaan métode panalungtikan, sumber data, désain panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data.

Bab IV eusina ngeunaan data jeung pedaran hasil tina panalungtikan, hasil ngolah jeung nganalisis data anu ngawengku ajén sosial dina novélét rumaja *Jamparing* karya Chyé Réty Isnéndés, unsur intrinsik dina novélét rumaja *Jamparing* karya Chyé Réty Isnéndés.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi. Dina ieu bab, panalungtik nyieun kacindekan hasil dina analisis sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan nu lian.